
НУР
ISSN 0207-6551
11
2022
6+

## Редакторым и псалъэ

Мы иужь илъэсхэм дэ къыттегушхуэ, къыттеклуэ хъуащ **ВИРУСХЭР**. А нэм къимыщтэ цlыкlужьейхэр сытым хуэдэу ди lэпкълъэпкъым я бий шынагъуэ! Ахэращ уз зэрыцlалэхэр къытхуэзыхьыр *(пыхусыху, тэмакъ уз, ныбэ уз, щlыфашхэ…)*, лъэрыщlыкl* дызыщlыр.

Фэрэ дэрэ ахэр зыхуэдэр зэдмыгъащlэу хъунукъым, абыхэм датеклуэн папщlэ.

Мазэ кlуам къыдэкlа «Нурым» фигъэцlыхуащ фи lэпкълъэпкъым и зэхэлъыкlэр. Пкъыгъуэхэм я цlэхэри къэфщlащ. Мы къыдэкlыгъуэр зытеухуар **УЗЫНШАГЪЭРЩ**. Абы нэхъ лъапlэ дэ диlэкъым. Умыузыншэмэ, уджэгуфыну, хьэмэрэ уеджэфыну? Мис иджы хуэдэ бжьыхьэракъэ узыфэхэр нэхъ къыщежьэр?

Кхъыlэ, фысакъ, ди Дыгъэшырхэ! Фэращ пщэдейрей махуэр зейр.

*Мы къыдэкlыгъуэр зыгъэхьэзырар:* ***Аброкъуэ Беллэ.***
*Сурэтыщlхэр:* ***Хьэлилэ Миланэ, Мэмбэт Пётр, Стурман Еленэ.***

## Цlывцlутlыр сыт зищlысыр?

Адыгэм а цlэр зыфlищар вирус дызыцlалэхэрщ. Абыхэм нэхъыбэ «псэущхьэ» мы дунейм теткъым – дэни щыщыlэщ. Я фэ я плъыфэкlэ, я инагъкlэ зэщхьэщокl икlи, фэ фызэригугъэм хуэдэу, ахэр псори шынагъуэкъым. Гупитlу дгуэшынщ: **вирусхущхъуэ, вирусщхъухь.**

Вирусхущхъуэхэм дищl абрагъуэр къэхъукъащlэ lейхэм щахъумэ! Ахэр икlи куэдкlэ нэхъыбэщ. Ауэ дэ зэдгъэцlыхунур гущlэгъуншэу дызыцlалэ вирусщхъухь **цlывцlутlхэрщ**. А бзаджэхэм ди lэпкълъэпкъыр зэрызэхэлъ клеткэ узыншэхэр якъутэ, яцlалэри, абы я кум щобагъуэ.

Я зэхэлъыкlэр мис:




* *Лъэрыщlыкl* – эпидемия.



## Къабзагъэм фIейр еукI

ЦIывцIутIым зыщаужьыр, щыбагъуэр фIеймрэ пхъэнкIиймрэщ. Iубахъэми зэрехьэ а бзаджэхэр, «Пыхусыхур» я пашэуи, зэпымыууэ захъуэж. Аращ уеIэзэнуи бгъэкIуэдынуи гугъу щIэхъур. Къабзагъэращ абыхэм яхурикъур!

**Дыкъабзэмэ – датекIуэнущ, дыфIеймэ – къыттекIуэнущ.**

## Зэрыбагъуэр мис:




…АпщIондэху уэ сымаджэ хьэлъэ уохъу.

*Мы бэлацэжьей бзаджэхэр куэду зэщхьэщокI, къашэ узыфэхэри зэщхькъым. Ахэр къыумыцIыхуу, уаIумыплъэу хъунукъыми… напэр зэгъэдзэкI!*

# Фысакъ!

**Дыкъацlалэ, дагъэуз,**
**Лъэщlэх узым щlыр догыз...**

Уз зэрыцlалэ куэд къытхуахь Цlывцlутlхэм. Нэхъыбэ яхэтщlыкlыху нэхъ щlэхыу датекlуэнущ. Абыхэм ящыщщ мыхэр.

## Пыхусыху (грипп)

Къызэlусэм сыкlэрыпщlэу
Дэнэ дежи сыщотхъэж.
Дохутыр къомым сыкъамыщlэу
Сэ гъэ къэси зызохъуэж.



## Пэкъиж (риновирус)



«Апчхи! Апчхи!» –
Сажьэхопсэ,
Сфlэфlу lэплlи
Яхузощl.
Узыншахэм
Пэкъиж узи,
Тэмакъ узи
Яхузохь.



## Псчэуз (коклюш)

«Быхьу-сыхьу!» –
Уи тэмакъыр
Стхъунщlу сэ
Тхьэмбылым сох.
Фlэщlми стхьэлэу
Уи тэмакъым,
Соуэ уи щхьэм,-
Уз хузохь.

## Щхьэзэ (энцефалит)

Сыцlыв цlыкlуу
Сыхьэпlацlэщ,
Къысфlащари
«Мэлхьэпlатlэщ».
Цlыхуми lэщми
Сэ содзакъэ,
Щхьэзэ мэхъур
Сызэдзакъэр.



## КIЭТIИЙУЗ (РОТАВИРУС)

Ныбэм соуэ,
Шхалъэм соуэ,
Яшха шхыным
Къегъэзэж.
Щахэм соуэ,
КIэтIийм соуэ,
А тIур гъыурэ
Псы ящIож...





## ДЕЛЭУЗ (БЕШЕНСТВО)

Хьэми блэми
Сапкърохьэр,
Гъуди бэджи
СалъоIэс.
СызэIусэр
Мэунэхъур,
Сызэдзакъэр
Делэ мэхъу!

## ЛЪЭЩIЭХ УЗ (КОРОНАВИРУС)

IэфIи-фIэIуи
Зыхэзмыщiэ,
ГущIэгъу лъэпкъи
Сэ сымыщIэ.
Си щхъухь цIыкIухэр
Зэхэзожэ,
Фи пэ,фи жьэхэм
Ирожэ.
ЛъэщIэх узу
Сэ сызокIуэ,
ЛъэрыщIыкIым
Фэ фыхуокIуэ.



Мы псалъалъэри фимыIэу хъунукъым къыкIэлъыкIуэ напэм тетыр къывгурыIуэн папщIэ... Дэ уз лъэрыщIыкIхэм я тхыдэ жыжьэми дгъэзэжынущ.

## Псалъалъэ

**Къэфщіа псалъэхэр:** лъэрыщIыкI, цIывцIутI, пыхусыху, пэкъиж, псчэуз, кIэтIийуз, делэуз, щхьэзэ, лъэщIэх.

ЛъэрыщIыкIхэр: хуабэ уз *(тиф)*; емынэ *(чума)*; тало *(холера)*; фэрэкI *(оспа)*; бжэнтепкIэ *(ветряная оспа)*; жьэн уз *(туберкулёз, чахотка)*; техьэгъуэ *(малярия)*; техьэгъуэзешэ *(жёлтая лихорадка)*; фэгъазэ *(корь)*.

Уз зэрыцIалэхэр къэзышэр тIэхъуфэхъущ *(грибки)*: гъуэжьуз *(желтуха)*; щIыфашхэ *(экзема)*; хьэухъупIэ *(краснуха)*; щхьэ куцI уз *(менингит)*.



Сур. Стурман Е.

**ЧУКОВСКИЙ Корней**

# МОЙДОДЫР

Тепlэныр толъэт,
Щlэлъыныр щlолъэт,
Щхьэнтэр зещатэу,
Зепкlатэу зблолъэт...
Шэхум сыlэбэм,
Хьэкум зредзэ,
Тхылъым сеlусэм,
Пlэм зыкlэщlедзэ.
Шей сеlубыну
Сэнвэрым соlэб,
Іуожыр Іуэрвэрыр,
Щlолъэтри зеlуб.

...Уарэ, мы гупым
Сыт къащlэхъуар?
Уарэ, мы къомыр
Сыт щlыщlэпхъуар?
Щlож вакъэ жэрыр
Іуож ету жьэрыр,

Теуэу убалъэр
Фалъэм щхьэпролъ...
Мастэр – Іэпхъуалъэм,
Фалъэр – кхъуейлъалъэм,
Пхъэхьыр гъэжалъэм
Лъэуэ щхьэщолъ...

Мамэ и пэшым
И бжэр зэlуож,
Іэрытхьэщl Іушэр
Кlыргъыу къыщlож!
Іэшэ зеуалэр,
Лъашэ зеджалэр,
Сэ къысхуэгубжьу
И жьэр зэтож:
«Сыту уфаджэ,
Фlейуэ теплъаджэ!
Къакlуэ, си гъуджэм
Къиплъи зэплъыж.
Ущlалэ цlыкlурэ,
Укхъуэ шыр цlыкlурэ,
Ушыуантхъунщlрэ
Къащlи, тыншыж».

Нэху щамэ – бадзи,
Дзыгъуи, бэдж баци,
Бжьэи, джэдуи,
Цlыви затхьэщl.
Фlейуэ Іуплъаджэм,
Зи фэ теплъаджэм,
Яфlэзауаным
Фlащ: «Пэмытхьэщl».
– Уэ уяжьалъэщ!
– Уэ ушакъалъэщ!
– Уэ укlэгъуасэщ!
– Уэ упэ фlейщ! –
Кlийуэ гъуэншэджыр,
Хъущlэу уи джанэр,
Щlожри уи вакъэр –
Макlуэ-мэлъей!

* * *

«Сэ – къабзагъэм
И пащтыхьым,
Си цlэ лъапlэр
«Мойдодырщ»!



**ЩІЫФЭІУЭТ**
мочалка



**САБЫН, ШЭРЫБ**
мыло, пузыри



**ЩХЬЭРЫХУЩІ**
шампунь

Жып псалъалъэ

КЪАБЗАГЪЭ

ЩІыфэІуэтхэм
ЩІыхь къызатмэ,
КъысхужаІэр
«Командирщ»!
Си къатырыр
Зэрытеуэу
Сэлэтыдзэр
Зэхуожэс,
ЗытхьэщІыдзэр
Зэрызекъуэу
ДзэрылъэщІу хъуам
Къошэс.
Уэ абыхэм
УпІэтІауэу,
Улъэкъуауэу
Уаубыдынщ.
Тхъурымбэпсыр
Уи нэм щІэбжьэу
Уи щхьэ бацэр
ЯхущІынщ.
Сабын быныр
КъэуІэбжьынщи
Си тасышхуэм
Ухуадзынщ,





Сур. Мэмбэт П.



**ТХЪУНЩӀЭӀУЭТ**
щётка



**НАПЭӀЭЛЪЭЩӀ**
полотенце



**ЗЫТХЬЭЩӀЫПӀЭ**
умывальник



**ПКЪЫТХЪУРЫМБЭ**
гель для душа

ЩӀыфэӀуэтыр
Къэгубжьынщи
Бжьыбжьу уи пкъыр
ИтхъунщӀынщ».

И жэз тасым
Уий, тоуӀуэ
Шейнычыпэ –
Ныбэ чейр.
Псори
КъызэщӀегъэуӀуэ
БыӀуэбышэ
А щӀыкӀейм:
– Маржэ, мажьэхэ,
Фыкъежьэ!
Кхъуафи, фалъи
ФыкъэкӀэс!
Сабын быни,
Шэрыб шыри
Си унафэр
ЛъэвгъэӀэс!

Уий, абдежым
Бжэ-щхьэгъубжэм,
Гъуанэ гъуэмбхэм,
Къызэрох.
ХущӀэу, щӀытэу,



Хъупэу, щыпэу,
ТхъунщӀэу щыӀэр
Къызэрохь:
– Псыутх утххэм
ДогъэщӀытэ,
Щхьэкуми лъэгуми
ДылъоӀэс!
– Сабын быным
Пкъыр дошытӀэ!
– Шэрыб шырхэм
ФӀейр долъэс!

* * *

Уэ-уэ-уэу!
ЩӀыфэӀуэт пхъашэм
СитхъунщӀыну
КъыщӀыхьащ,
СыӀэщӀэкӀри
А дамашэм
Уэрамышхуэм
Сыдыхьащ.
Бжыхьхэм
Селъэурэ сэ сожэ,
Нэгумэм еймкӀэ
Зэм согъэш,
ЩоджэнцӀыкӀум
Зэм сырожэ,
Пхъашэр къапхъуэм,
Зызогъэш.

Уэ! СфӀэфӀ псысэм
Хэта благъуэр
Парк ихьэпӀэм
Щызолъагъу.
И ТӀатӀоши
И КӀуэкӀуши
КъыкӀэлъыкӀуэу
Къызолъагъу.
КъыскӀэлъыпхъуэ
ПкъыӀуэт пхъашэм
Благъуэм жьабгъуэр
НыхуеущӀ,
И тэмакъыр
ЗытхъунщӀ «пхъафэр»
Къуалэу фӀэкӀи
КъыфӀэмыщӀ…

Благъуэр жагъуэу
Къыстогъуагъуэ:
– Хэт мы паркым
Къихьа фӀейр?!
КӀуэй зыгъэпскӀыт,
Укъалъагъуу
Сэ усшхыну
Ухуэмейм!

СыкъыщӀопхъуэ,
Сыкъотхъытхъыр,
ӀэрытхьэщӀым
СыӀуоуэж.
Къыспэплъа и
Сабын быным
Си пкъы фӀейр
Ягъэкъэбзэж.

Мис абдежым
Си гъуэншэджыр
Къосри, си Ӏэм
Къохутэж.
Тхъурыжь хуабэр
Къоубзэжыр:
«Сышхи Ӏэфӏу,



**МАЖЬЭ**
расчёска



**ТАС, ХЬЭКХЪУАФЭ**
тазик, корыто



**ГЪУДЖЭ**
зеркало



**ІЭРЫЛЪЭЩІ**
салфетки

Зыгъэтхъэж».
Си Іэрытхэр
КъакІэлъоІэ,
Есэп тхылъыр
КъопкІэтэж,
Къызэдофэ,
КъызэщІовэ,
Псори дотхъэ,
ДоІуэтэж!...

Бжэр къыІуехри,
ХитІэу къафэу,
Командирыр
КъыщІохьэж,
Си Іэр хуищІэу,
ЗэщІиІуатэу,
А тхьэмадэр
Къоубзэж:
– Уи къабзагъэр –
Гугъэзагъэщ.
Гумызагъэм
Сигу зэгъащ,
Командиру –
Мойдодырым
Уэ и щІыхьыр
Къыплъысащ!

Нэхур щами,
Жэщыр хъуами,
Напэр псоми
Дэ ттхьэщІынщ.
ІэмытхьэщІхэр,
ПэмылъэщІхэр,
«ШыуаныщІхэр»
Ауан тщІынщ.
ИугъащІэ
Псы тхъурымбэм,
ЩІыфэІуэтхэм –
ФІыщІэ! ЩІыхь!
ЩхьэрыхущІхэм,
ДзэрылъэщІхэм,
Мажьэ зыжьхэм
Фэри – щІыхь!

ЗыттхьэщІынкъэ,
ЗыдгъэпскІынкъэ,
Псы ерсыкІи
ЗэдгъэщІэнщ.
Тасым хэсыр,
Кхъуафэм исыр,
Хьэмэм щІэсыр
ДгъэлъэпІэнщ!
Хышхуэм щесми,
Псыхъуэм дэсми,
Псыджэд псоми,
Псоми – щІыхь!
Псэм пэтщІ псыуэ –
Псэхэлъхьэжым,
Дунейм псыуэ
Тетым – ЩІыхь!

ЗэзыдзэкІар
***АБРОКЪУЭ Беллэщ***





БЖЬЭХУЦ, ЧЫМПЭХУ
ватные диски, палочки



ПСЫУТХ, ТЕУТХЭ
душ



ЖЬЫЩІЭ
стиральная машина



ЖЬЫХУ
фен

## «МОЙДОДЫРЫМ» И ПСАЛЪАЛЪЭ

ТепІэн, щІэлъын – постельное бельё; шэху – воск; хьэку – печь; сэнвэр – самовар *(адыгэр зэреджэр аращ);* убалъэ – ступа; кхъуейлъалъэ – творожная лепёшка; Іэпхъуалъэ – напёрсток; пхъэхь – коромысло; гъэжалъэ – воронка; Іэрытхьэщ І – умывальник; яжьалъэ, шакъалъэ, кІэгъуасэ – испачкан золой, чернилом, сажей; къатыр – сапог; жэз – латунь; гъуэмб, гъуанэ – из всех дыр и щелей; бжыхь – плеть; благъуэ – крокодил; пхъафэ – кора дерева; тхъурыжь – печенье; Іэрытхэ – тетрадь; есэп тхылъ – математика; дзэрылъэщІ – зубная щётка.

## ЛЪЭРЫЩІЫКІЫМ ТЕКІУА АДЫГЭ!

*Дуней псор фэрэкІ узыфэм*
*щытекІуа махуэщ дыгъэгъазэм и 9-р (1979 гъ.).*



***ПІалъэ-пІалъэкІэрэ уз зэрыцІалэхэр къохъуэпскІри, цІыхур лъэрыщІыкІ ящІ, яукІ. ЦІыху мелуан 300 Іузыха фэрэкІ узыр сыту шынагъуэт! Абы текІуа Іэмалыр (кольцевая вакцина) къэзыгупсысар адыгэ бзылъхугъэщ. Абы и цІэр хъума хъуакъым, ауэ фэеплъ щыхуагъэуващ КъШР-м щыІэ Хьэбэз къуажэм. Абы теухуащ Гугъуэт Заремэ тхуигъэхьэзырар.***

***«Сыт хуэдэ фІыщІи хуэфащэщ япэу фэрэкІ зыхэзылъхьа адыгэ бзылъхугъэм! Іэмалым сабий мащІэ къыІэщІиха ажалым?! Абы дуней псом хуилэжьа Іуэхутхьэбзэм хуэфащэн зы дамыгъи щыІэкъым!»***

***Гельвеций Клод***

Франдж гупсысакІуэм и псалъэхэр тетщ фэеплъым *(сур.еплъ).* А узым и «щэхур» япэу адыгэм къыззэрихутар зыми къимыщІэххэнкІэ хъунут 1711 гъэм Кавказым къэкІуа **Мотре де ла Абри** *(Франдж пащтыхь Карл XII-м и тІасхъэщІэх)* тетхыхьыжауэ щымытамэ:

«АдыгэщІым сикІуэтэху абы исхэм теплъэ дахащэ зэраІэр нэхъри хьэкъ сщыхъурт икІи згъэщІагъуэрт: фэрэкІнапэу узым и лъэужь зытелъ зыри яхэттэкъым.

Си фIэщи мыхъущэу сыщIэупщIащ, а уз шынагъуэм и хущхъуэгъуэ ямыIэу пIэрэ жысIэри... Сыкъэуlэбжьу я щэхумкIэ къыздэгуэшахэщ. Абы мыр фIэпщ хъунущ:

**«И мащIэр хущхъуэщ, и куэдыр щхъухьщ».**

Фэрэкlым щахъумэнур яцIалэрт а узымкIэ. Сымаджэм къыхаха фэрэкI шыныр сабий узыншэм и лъым мастэкIэ хагъэлъадэрт. АбыкIэ узым и гуащIэр щIахт! ЗэращIри слъэгъуащ. Къуажэ гуэрым дыблэкI пэтрэ  зэхэсхащ, илъэси 4-5 зи ныбжь хъыджэбз цIыкIур фэрэкI узым къызэрырагъэцIэлэнур. Ар ирагъэфащ зэхэгъэва гуэр (*фохьэкIуэ (медуница) гъэгъуам и лъабжьэр пыту ягъавэрти абы фо халъхьэжт)*. ИтIанэ узыншэр бгъэдахьащ илъэсищ хъу сымаджэ щIалэ цIыкIум. Iэзакlуэ нанэм мастищ зэкIэрыщIауэ къищтэри, япэу и дзажэналъэ зэхуакум, етIуанэу и бгъэ сэмэгум, ещанэу и бынжэм, еплIанэу и Iэгу ижьым, етхуанэуи и лъэгу сэмэгум хиIуащ. Лъы къижыр сымаджэм и фэрэкIым къыхиха шыным иригъэцIэлащ. УIэгъэхэм андзыш (*коровяк)* тхьэмпэ гъущэхэр трилъхьэщ, щынэщIэм и фэ кърищэкIри, анэм и шхыIэн хуабэм сабийр кIуэцIашыхьащ. Ар хуабапIэ щыIыгъын хуейт. *(Губгъуэпхъ (тмин), фохьэкIуэ, лъабжьэIэфI (солодка), андзыш удзхэм къащIэгъэвыкIа псыхэм, бжэнышэ ирагъафэрт.)*

Зи сабийхэм я дахагъэмрэ я узыншагъэмрэ тегузэвыхь адыгэхэм я бынхэр фэрэкIым кърагъэцIалэрт нэгъуэщI щыкIэуи: сымаджэм бгъэдагъэгъуалъхьэрт сабий узыншэр. А зи гугъу тщIа удзыпсхэмрэ псы щIыIэрэ куэду ирагъафэрт. *(Иджыри щIэныгъэми къимыхута цIывцIутI узыфэхэм псыр зэражагъуэр ящIэ нэхъей!)* ФэрэкI узыр зыпкърыкIа сабийм хьэлIамэ хуагъавэрти гъунэгъухэм хурахьэкIырт, а узыр зэрыщIэкIам и нэщэнэу.



«Адыгэхэм я лъэпкъ медицинэр фэрэкIыр зэрагъэхъуж Iэмалым щыгъуазэт куэд щIауэ – щIэныгъэ медицинэр абы щыхуэкIуар куэдкIэ нэхъ иужькIэщ», – етх **Р. Грейнс**. ИужькIэ инджылыз дохутыр **Дженнер Эдвард** фэрэкIым и хущхъуэ *(1796 гъ.)* къигупсысащ ди Iэмалым тету. Адыгэ бзылъхугъэм и губзыгъагъэмрэ и зэфIэкIымрэ дунейр уз зэрыцIалэм къригъэлащ!

- *Хамэ къэрал щыпсэу адыгэм яхъумащ фэрэкI узыфэм и гъыбзэ. Ар ягъэзащIэ «Джэрпэджэж» гупым.*
- *ФэрэкI джанэ яду щытащ дэрбзэрхэм. Ар Iэщхьэ кIыхьт, пыдыкIат. Сабийр здэшхэ щIыпIэм етIэхъуурэ узым е иримыгъэкIуэн папщIэ щатIагъэрт.*

**ГуфIапщIэ къэвлэжьынумэ:** Къупщхьэ къутахэм кърашэкI гипсыр япэу къэзыгупсыса адыгэм ар зэрищIу щытар дауэ?

*Ди эл.адресым къевгъэхь:*
**nur.kbr1982@yandex.ru**

# Лъэрыщlыкl узыфэхэм я тхыдэ

Цlывцlутlхэр цlыхухэм нэхърэ куэдкlэ нэхъыжьщ. Зэраlуатэмкlэ, илъэс мелуан 300 ипэкlэ абыхэм яцlалэу щытащ гъудэбадзэхэр.

Ахэр щыlэу, багъуэу, уз зэрыцlалэ къашэу цlыхум къыщацlар мэскъалхэр ину уэзыгъэлъагъу **мэскъалиплъэр*** къежьа иужьщ. Итlани, гъэщlэгъуэнракъэ, адыгэм япэ дыдэу къагурыlуащ лъэрыщlыкl узыфэхэм уэзреlэзэну щlыкlэр. Абы я хущхъуэгъуэр *(вакцинэ, прививкэ)* япэу къэзыхутар ди адыгэ бзылъхугъэщ *(нап.11-м тетщ)*.



**ФЭРЭКl** (ди эрэм ипэкlэ III-нэ лl.)
Мысырым къыщежьащ. Абы ихьащ цlыху мелуан 300-м щlигъу.





**ФЭГЪАЗЭ** (IX-нэ лl.)
Къуэкlыпlэ Гъунэгъум къыщыунэхуащ.

**НЕОЛИТ** (гъэ 12 000 ипэкlэ)
Япэ лъэрыщlыкl узхэр къежьащ, цlыхухэр гупышхуэу зэхэсу щыпсэуа лъэхъэнэ пасэм.







**ФЭРЭКl** (1979)
Уз шынагъуэм и кlуэдыжыгъуэщ.

**ЛЪЭРЫЩlЭХ** (2019)
Чынтхэм я деж къыщожьэ.
Ар лъэрыщlыкl мэхъу.

**ЛЪЭРЫЩlЫКl УЗЫФЭХЭР** (XX-нэ лl.)
Псэущхьэхэм къахь уз зэрыцlалэ зыбжанэ (XXl-нэ лl.).
Абыхэм я хущхъуэгъуэ куэд къожьэ.





* *Мэскъалиплъэ* – микроскоп.





**ПЫХУСЫХУ** (1510)
Лъэрыщ1ык1ым хуок1уэ япэ дыдэу

**УЗ ЗЭРЫЦІАЛЭХЭР** (1492)
Европэм йок1ри Америкэм мэ1эпхъуэ.



**ФЭРЭКІ.** Адыгэм лъэрыщІыкІым я хущхъуэгъуэр къегъуэт! Мотре де ла Абри фэрэкІыр адыгэм зэригъэхъужым (1711) тотхыхь.





Инджылыз дохутыр **Эдвард Дженнер** (1796) фэрэкІ узым и хущхъуэгъуэ зэхелъхьэ.

**ТЕХЬЭГЪУЭ** (1901)
Техьэгъуэзешэ аргъуейхэм узыр зэрызэрахьэр къащІэ.





**ЛЪЭРЫЩІЭХ** (1964)
МэскъалиплъэкІэ къелъагъу Джун Алмейдэ.

**ПЫХУСЫХУ ЛЪЭРЫЩІЫКІ**
(Испанка. 1918-1919)
Абы ихьащ цІыху мелуан 50.



**МЭСКЪАЛИПЛЪЭ**
къагупсыс! (1930) ЦІывцІутІхэр къалъагъу.

# «Асс-с!»

*(Нэlурыт хъыбар, жьэрылуатэбзэклэ тхауэ)*

Щыlа-псэуа цlывцlутl цlыклуищ, щlэцlывэрэ зылъэlэсыр яуцlэпlу, фlейхэпщу.

Мис ахьэр:




Аищыр бзаджэlейт, зэфlэнэурэ зэрыужэгъуатиии...

– Пыху-хуу, – Пыху ину пэпща, – lейуэ сеша. Ныбжьэгъу къомбэ силарэт!

– Уэху-у-у, – Сыху щатэри нэщхъклэ пыджа, – сэри фэитlур фызужэгъуауэ солlэ, сэ сэщхь цlыклухьэрас сызыхуейр, хьы...

– Нытlэ, ар lуэху?! – сытым деи Псчыху lейуэ зигъэгубзыгъэт. – Мес мо унагъуэм цlыклуищ ялэ. Сэ ахьэр фlыуэ соцlыху. Щыри хуэмыхус, къуейщlейс, жылэмыдаlуэс. Аралэ-тlэ дэри дызыхуейр. Девгъауи дывгъэцlалэ!

– Асс! – мэгуфlэ Пыху.

– Есс! – допклей Сыху.

Пэжыбзу, а цlывцlутlхьэм я мэз гупэм щыпсэут а цlыклуищыр: Былэ, Лутlэ, Гулэ.

Щыми затхьэщlыну илlыкlт, псы жыхуаlэр я бийт. Я мамэ-папэм я макъхьэр абы я тхьэклумэм щывуут: «lэ фlейклэ ушхэу укъэслъагъумэ, уи lэбэм сеуэнус», «Щlыбым удэтамэ, жэи зытхьэщlыт!», «Псыхъуэпс ефи, елъ сэ уэ уэсщlэм», «Мы пхъэщхьэмыщхьэхьэм хьэпlацlэ lэджэ тесас, ас-сымыгъуэ, уи жьэм хьэ пхьырэ?! Тхьэщl зысlа!». Ауэ аищым сыт къыжраlэми, мырат я жэуапыр: «А-а-а, ягъэ клынlым!».

Цlывцlутlхьэм я нэжь цlыклухьэр къэцlууас, я lэбэхэр зэщахъуас, я щхьэм щlэтlэхъуас: «Аищыр дауэ тцlэла хъуну-тlэ? О-оу, ахьэр тцlэлэфатэмэ, дэ дэщхьыркъэпсу дапхуэдиз ныбжьэгъут нытlанэ диlэнур!».

– Пыхуу, – и пэр къыпоху Пыху, – дэр зи цlыклуагъыр мобы я бжэм депщылlэхуклэ мазэ псо клуэни!

– Са-а-аху – мэхущхьэ Сыху, – абы я бжэр хуэщlамэ, дэ я щхьэгъубжэм дыдэпщеифын фи гугъэрэ, хьы?

– Псчыху! – губжьу яжьэхопсчэри мыр жеlэ Псчыху, – сыту фыхуэмыху фэитlури. Дэ дебзэджэклынус, зо, аищым. Ахьэр мэраклуэхьэ lэджэрэ къоклуэ мы ди мэзым. Сэ мо гъуэгубгъум дей къыщыкl мэраклуэ плъыжьхьэм я нэхъ инышхуэм сытетlысхьэнси икlи зызгъэпщклунlым, сыкъалъэгъуххэнуlыми. Уэ, Пыху, мо псыхъуэм клуэи, мис а псы къыздырагъаахъуэм дей тlыс, ар къыщlагъалъэмэ, я пэгуным зибдзэн хуэду. Сыхуи аищыр зэдэхащlу кърашэкl я хьэ цыпэхум иц lувым зыхигъапщклуэмэ, зэфlэклас.

Пщэджыжьым аищым я мурад lейр къехъулlас!





Ауэрэ зэманыр ежэкIс аби, пщыхьэщхьэм ды-ды-дыд Iейр къэхъуас!



– Уэзызыззз, си ныбэ цIыкIур мэуз-з-з – мэгызри зеIуантIэ Гулэ.



– Анынын, си лъабэр кIуэIым, сокIэкуакуэ, соукIурий, – зокуэфауэ ЛутIэ.



– Апсчхи! Сыкъопс, сопсчэ, си нэпсри си пэпсри къожэх, – мэгузасэ Былэ.



Дэхутырым аищыр зэпеплъыхь, йоIусэ, хуабэпщытэхьэр къащIехыжри и нэщхъымрэ и IупщIэмрэ пIийуэ ахьэм йоупщI:

– Уэ сыт пшхар?.. ПтхьэщIат?.. Уэ псы фIей уефаIэ?.. Мо хьэм уедэхэщIауэра? IэмытхьэщIу ушха? Эй-эй-эй, эй-эй-эй! Мис-тIэ иджы, цIывцIутI цIыкIу къомыр вгъэтхъэжаIэ! Ахьэр къывэжауэ фашх, фызэщIацIэлауэ гуфIэжу фи кIуэцIым щоджэгухьэ, щобагъуэ, кIуэ пэтми нэхъыбэ хъууэ.

– Уэдыдыд, ди дэхутырыфI, кхъа, думыгъэшхыу укI ахьэр, – зэщIогъуагэ сабиищыр.

– Сэ сывэIэзэнси есхужьэнс а гъуамэжь цIыкIухэр, мис мырас абыхьэм я щхъухьыр.




...Ауэ ахьэм нэхъ Iеижу губжьауэ къагъэзэжынурэ аргуэру фацIэлэнус. ФщIэрэ ар?

– АIэ, аIэ, дыдыд, дыхуейIымэ! Дысымэджэну дыхуейIым-м-м...

– Фысымэджэну фыхуэмеймэ, мыдэ фыкъызэдаIуэ-тIэ, си дахэ цIыкIуу сиIэхьэ, – и нэщхъыр аргуэру пIияс дэхутырым. – А бэлацэ фIеижь цIыкIухьэр зыщышынэр фщIэрэ фэ хэтми? Ахьэм я псэр Iузых я бий кIэрыуфIыцIыр фцIыхурэ?

– ТщIэIым. Дэ ныбжьэгъу тщIынтэIэ а цIывцIутIбийр, тцIыхуамэ! Дэ ар сытым хуэду фIыуэ тлъагъунут!

**– АтIэ зэвгъащIэ: Къабзагъэра ахьэм я бийр. Фэ ныбжьэгъу фщIын хуейр псыра! Псы къабзэм хуэду ахьэр Iузыгъэщти, езыхужьи, зыгъэкIуэди щыIэIым, тIысэ!**

Дэхутырым и хущхъуэхьэр зэралъэIэсу цIывцIутI къомыр шынэри щIэпхъуэжа, сабийхьэри хъужа.




Абы лъандэрэ а цIыкIуищыр жыIэдаIуи, къабзэлъабзи хъуас, цIывцIутIхьэми абы я дей къагъэзэжаIым.

# ЭКО ХЬЭЛ-ЩЭНХЭР

***«Нурым» и еджакIуэ цIыкIу, дунейр нэхъ къабзэ пщIыну ухуей зы мазэм къриубыдэу? АтIэ, мы эко хьэл-щэнхэр зыхэлъхьэ:***

- **Пластикым, псыпсым къыхэщIыкIа хъуржынхэр, зэ фIэкIа къыумыгъэсэбэпыну хьэкъущыкъухэр къыумыщэху!**
- **Лейуэ псы къыумыгъэж, ар зэрыкIуэщIыр уигу зэи иумыгъэху!**
- **Уэздыгъэр узыщIэмыс пэшым щумыгъаблэ!**
- **Лъэсу зекIуэ е лъэрыгъажэкIэ зежэ, ауэ хьэуар зыуфIей гъущIыгу уимытIысхьэ!**
- **ПхъэнкIийр зэхэдзауэ фIэкIа хыфIумыдзэ, пластикымрэ псыпсымрэ щхьэхуэ щIы!**



**Махуэм къриубыдэу а псори бгъэзащIэмэ, мы хъурей цIыкIухэм ящыщ зы цIали къыхэгъэщ.**






*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ*
***«НУР»***

Издается
С 1 января 1982 года
**№ 11 2022 г.**

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

**Главный редактор**
***Б. М. АБРОКОВА***

**Художественный редактор**
***М. ХАПИЛОВА***

**Редактор**
***М. КАМБОТОВА***

**Компьютерная вёрстка**
***Н. РАСТОРГУЕВОЙ***

**Корректор**
***Ф. КАШИРГОВА***

**Редакционный совет:**
***Х. КАРМОКОВ***
***Е. ТХАМОКОВА***
***Х. ТИМИЖЕВ***

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике.
Рег. ПИ № ТУ07-00125
от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати 27.10. 2022 г.
Выход в свет 24.11. 2022 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, AdLibBT
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 1367 экз.
Заказ №2281
Индекс П5896

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес.– 91,14 руб.



Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**



Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.